

REDEKOU PAJ 2021:

KONSÈY KOMISÈ KONTE (BCC) NAN KONTE COLLIER
&
Konsèy Lekòl Distri Konte Collier (Konsèy Lekòl)

Kalandriye Reyinyon Piblik

- **Nan Distri 1: Lendi 1^{er} novanm 2021**, 6 p.m., nan Sal Reyinyon BCC nan 3^{em} etaj Blding F, Collier County Government Center Administration Building, 3299 East Tamiami Trail, Naples, FL 34112. [Blding Administratif la se blding 8 etaj ki toupre U.S. 41 ak Airport-Pulling Road]
- **Nan Distri 4: Madi 2 novanm 2021**, 6 p.m., nan Sal Konferans 609/610, blding Growth Management Department / Development Services, 2800 North Horseshoe Drive, Naples, FL 34104 [Fasad antre blding nan N. Horseshoe Drive, nan sant blding lan]
- **Nan Distri 2: Mèkredi 10 novanm 2021**, 6 p.m., nan Sal Ekspozisyon, North Collier Regional Park, 15000 Livingston Road, Naples, FL 34109 [Pak la sitiye nan sid Immokalee Road, lès Livingston Road; blding avèk Sal Ekspozisyon an sitiye nan lès pak dlo a ak lwès teren foutbòl la]
- **Nan Distri 5: Lendi 15 novanm 2021**, 6 p.m., nan Sal Konferans, Immokalee Community Park, 321 N. 1st Street, Immokalee, FL 34142
- **Nan Distri 3: Madi 16 novanm 2021**, 6 p.m., nan oditoryòm, Golden Gate Community Center, 4701 Golden Gate Parkway, Naples, FL 34116 [Pak la sitiye nan kwen nòdwès Golden Gate Parkway ak Sunshine Boulevard]
- **Reyinyon BCC a gen ladan konsiderasyon/adopsyon nouvo limit distri BCC yo: 14 15 desanm 2021**, 9 a.m., nan Sal Reyinyon BCC nan 3^{em} etaj Blding F, Collier County Government Center Administration Building, 3299 East Tamiami Trail, Naples, FL 34112.
- Reyinyon Konsèy Lekòl la gen ladan konsiderasyon/adopsyon nouvo limit distri Konsèy Lekòl la: **14 desanm 2021** Nou pa espere ke Konsèy Lekòl la ap adopte kat redekoupaj yo a jiska apre adopsyon BCC a.

Nan senk Reyinyon Piblik nan aswè yo (1, 2, 10, 15 ak 16 novanm), patisipan yo ap gen opòtinite pou revize kat ki pwopoze yo ak poze kesyon. Yon prezantasyon kout ap fèt nan kòmansman chak reyinyon sa yo. Ap gen efò k ap fèt pou genyen entèprèt nan lang Panyòl ak Kreyòl Ayisyen nan senk reyinyon sa yo. Tout reyinyon yo ouvri pou piblik la, kèlkeswa Distri yo rete a. *Nou ankouraje nou mete mask figi men se pa yon obligasyon.*

Pou plis enfòmasyon, ale sou sitwèb nou an: <https://www.colliercountyfl.gov/your-government/divisions-s-z/zoning-division/2021-collier-county-bcc-redistricting-information>

oswa kontakte:

David Weeks, Manadjè Pwojè pou Redekoupaj BCC
Anplwaye Kontraktyèl Depatman Jesyon Kwasans Konte Collier
2800 North Horseshoe Drive, Naples, FL 34104
(239) 252-2305
david.weeks@colliercountyfl.gov